



Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18 Ki Mande Mask pou Kouvri Figi an Piblik yo Pandan Epidemi COVID-19 la

17 avril 2020

Enfòmasyon Jeneral:

An desanm 2019, yo te detekte yon nouvell maladi respiratwa ke yo te rele Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19). COVID-19 la koze pa yon viris (SARS-CoV-2) ki fè pati yon gwo fanmi viris ke yo rele kowonaviris yo. Dènyèman, te gen transmisyon COVID-19 nan tout kominote yo nan Etazini, sa gen ladan New York kote ni kantite moun ki konfime ak ni kantite ka ki sispèk yo ap ogmante rapidman. Pou kapab redwi transmisyon COVID-19 nan tout kominote yo, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pran mezi agresif atravè [Dekrè Egzekitif \(Executive Order\)](#) 202, jan li amande a, pou ka konbat pwopagasyon maladi kontajye sa a, nan redwi dansite kantite moun nan espas rasanbleman komen yo lè yo fèmen operasyon ki fèt an pèsòn nan biznis ki pa esansyèl yo, epi entèdi tout rasanbleman moun ki pa esansyèl yo kèlkeswa gwose yo epi pou kèlkeswa rezon.

Dekrè Egzekitif yo:

[Dekrè Egzekitif 202.17](#), ke yo te pibliye nan dat 15 avril 2020, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo:

An vigè apati 8 p.m. nan vandredi 17 avril 2020, nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo ta dwe gen obligasyon pou yo kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa yo pa kenbe, distans sosyal yo.

[Dekrè Egzekitif 202.18](#), ke yo te pibliye nan dat jeudi 16 avril 2020, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo:

Nenpòt moun ki ap itilize sistèm transpò piblik oswa prive yo oswa lòt machin a lwe yo, epi ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo, ta dwe mete yon mask oswa mask ki kouvri figi yo pou kouvri nen ak bouch yo pandan vwayaj sa yo; nenpòt moun ki ap opere transpò piblik oswa prive sa a, ta dwe menm jan tou mete yon mask ki kouvri figi yo oswa yon mask ki kouvri nen ak bouch yo pandan gen pasaje nan veyikil lan. Enstwiksyon sa a ta dwe rantre an vigè menm jan ak Dekrè Egzekitif 202.17, a 8 p.m. nan vandredi 17 avril 2020.

Konsèy:

Moun yo dwe achte, konfeksyone, oswa otreman jwenn yon mask pou kouvri figi yo epi mete mask sa yo lè yo an piblik epi yo:

- a sis pye distans de lòt moun yo; oswa
- nan yon sitiyasyon oswa etablisman kote yo pa ka kenbe yon distans sis pye de lòt moun yo; oswa
- nan yon sistèm transpò piblik oswa prive yo oswa machin a lwe yo.

Mask pou kouvri figi yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzansp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N-95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo. Tanpri ale sou [sit entènèt](#) Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) pou kapab jwenn [enfòmasyon](#) sou mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak lòt tip Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl yo (Personal Protective Equipment, PPE), ansanm ak enstwiksyon sou jan pou nou itilize, netwaye, epi jete yo. Tanpri remake ke PPE ki bay plis pwoteksyon yo (pa egzansp, respiratè N-95 yo) rete yon nesosite krisyal pou pwofesyonèl sante ak premye sekouris yo epi, an konsekans, yo ta dwe priorize yo nan etablisman sa yo.

Tout moun gen obligasyon pou yo mete yon mask pou kouvri figi yo nan etablisman ak sitiyasyon nou sot mansyone anlè a yo, depi ke yo gen laj plis pase de (2) ane epi yo ka sou plan medikal tolere yon mask. Si yon mask pou kouvri figi ta pral kontraye oswa otreman deranje sante yon moun oswa si yon moun pa gen laj plis pase de (2) ane, moun sa a pa gen obligasyon pou li mete yon mask konsa pou kouvri figi li. An plis, operatè biznis ki esansyèl yo ak otorite lapolis yo gen entèdiksyon pou yo mande oswa egzije dokiman medikal oswa lòt dokiman nan men yon moun ki refize mete yon mask ki kouvri figi yo akòz yon pwoblèm medikal oswa lòt pwoblèm sante ki anpeche yo itilize yo.

Pa gen anyen ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 oswa 202.18 la ki ta dwe retire obligasyon pou biznis esansyèl yo, ansanm ak ajans ak otorite gouvènman eta ak sa lokal yo, pou achte, konfeksyone, oswa otreman jwenn mask pou kouvri figi yo epi bay mask sa yo pou anplwaye ki dirèkteman ap fè entèraksyon ak popilasyon an pandan dire travay yo gratis pou anplwaye yo, konfòmman a [Dekrè Egzekitif 202.16](#).

Operatè transpò piblik ak prive yo ki gen obligasyon pou yo mete yon mask ki kouvri figi yo pandan y'ap transpòte pasaje yo ta dwe konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.16 Ki Mande Mask pou Kouvri Figi pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Ki Ap Fè Entèraksyon ak Popilasyon an Pandan Epidemi COVID-19](#)", ke Depatman Sante Eta New York la te pibliye nan dat 14 avril 2020, pou yo ka jwenn plis enfòmasyon.

Enfòmasyon Adisyonèl:

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo Etazini
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>